

Bonswa tout moun, Miami-Dade.

Byenvini nan bèl Zoo Miami.

Mwen vle remèsye Prezidan Gilbert, lidè Konsèy Komisyonè Konte nou an, yon gran patnè, pou akèy chalere li, ak Komisyonè McGhee dèske li akeyi nou nan distri lakay li, Distri 9.

Mèsi a tout atis ki te ofri pèfòmans aswè a, lidè relijye, gad donè, powèt loreya nou an Richard Blanco bèl MC nou an, direktè zou a Will Elgar, ak tout moun ki akeyi nou nan zou a ak anbasadè animal yo!

Prensipalman, mèsi a tout rezidan nou yo ki vin patisipe avèk mwen isit la an pèsòn e vityèlman aswè. Mèsi pou angajman ou, konfyans ou, ak onè pou mwen sèvi kòm premye fanm ki se majistra ou.

Sa se 4yèm diskou mwen sou Eta Konte a. Sa a trè espesyal pou mwen paske nou nan South Dade, kote mwen te kòmanse nan fonksyon elektif kòm Komisyonè pou Distri UIT.

Pandan twa dènye ane ki sot pase yo, Miami-Dade grandi, chanje, epi li parèt pi solid malgre anpil defi. Kounye a, nou se kominote poi lavini an. NOU se kote moun vle pou yo ye a.

Pou nou sezi avni briyan ki devan nou an, nou dwe pi brav e pi dyanm pase tout tan.

Li va egzije kouraj.

Li va egzije pou nou pran risk.

Li va egzije inovasyon.

Mwen pa janm bloke ak sityasyon imobilite.

E ni ou menm tou, moun Miami-Dade.

Pou nou anbrase posiblite enfini ke demen genyen, nou dwe kontinye vanse.

Anbrase nouvo ekonomi a va pouse nou antre nan lavni kòm yon kominote ki rich anpil an opòtinite, ki teknolojikman avanse.

Anbrase inovasyon pou atake pi gwo defi nou yo va asire yon demen pwospe pou tout moun.

Nou se ekonomi lokal ki pi byen rekipere nan tout peyi a. Nou ka vante tèt nou ke nou gen to chomaj ki pi ba a: 1.6%, byen pi ba pase mwayèn nasyonal la ki se 3.7%.

Nou se youn nan zòn metwopolitèn ki pi an sekirite nan peyi a, e biznis ap grandi.

Men, pa te toujou gen pwosperite sa a.

Lè mwen te antre an fonksyon nan fen ane 2020, nan mitan pandemi an, kominote nou an te fè fas a difikilte ak pèt san parèy.

Nou te gen yon chwa – sèlman egziste, oswa poze baz avek kouraj pou yon avni ki pi briyan pou tout moun.

Nou chwazi kouraj.

Yon ane apre, biznis yo te relouvri, gen nouvo moun ki rive, epi yon nouvo peyizaj ekonomik t ap dewoule. Te genyen vid pou ranpli akòz pandemi an - e nou te dwe pi dyanm.

Nou te chanje plizyè dekad reta envestisman nan etablisman ak sevis konte yo an yon opòtinite inik pou rebati pi solid.

NOU chwazi opòtinite.

Nou te poze fondasyon an. Kounye a, nou dwe kontinye bati –

Pou pitit nou ak pitit pitit nou ka konte sou transpò piblik pou mennen yo kote yo bezwen ale,

Pou yo ka jwi yon anviwònman jan li bèl e pwoteje a,

Pou yo ka grandi nan kominote ki an sekirite,

Pou yo ka jwenn bon travay nan nouvo mendèv la.

Kounye a, lavini an rive, e li ap mande pou nou inovè.

Nan premye jou mwen yo kòm majistra, li te difisil pou mwen te wè avni briyan sa a.

Li te sanble tankou mond lan te kanpe epi lavi nou te chalvire.

Mwen te antre an fonksyon nan mitan pandemi an e nwwebn te mennen a yon repons ki santre sou moun, ki te sove lavi, travay, ak biznis.

Nou te asire ke tès ak vaksen te disponib pou tout moun. Sit tès GRATIS nou yo te rete louvri plizyè mwa apre finansman federal te fini pou nou te sèten ke pèsòn pa rete dèyè. Mèsi a efò istorik ekip nou an, Miami-Dade te reyalize pi wo pousantaj vaksinasyon nan tout Eta a.

Youn nan moman ki pi difisil nou yo te rive 7 mwa napre manda mwen te kòmanse - efondreman trajik Champlain Towers South nan Surfside. 98 vi presye te pèdi.

2 ane edmi apre, nou pi detèmine pou nou asire ke sa pa janm rive ankò.

Nou te akselere resètifikasyon bilding yo,

- Nou te egzije pou asosyasyon yo poste bidjè yo ak dosye sekirite yo,

- Epi nou te ranfòse kòd konstriksyon nou an,
Remèsiman a Komisyonè Garcia.

Pandan nou te ap fè viraj la, mwen te pwomèt ke mwen t ap mete OU nan sant aksyon gouvènman konte a. Nou te lanse THRIVE305, pi gwo inisyativ angajman piblik nan listwa nou, ki te fome aksyon nou yo apati priyorite ou.

Nou te rekipere soti anba jou difisil sa yo. men, nou te fe plis pase sa. Nou chwazi kouraj sou laperèz ak imobilite.

An reyalite, repons nou te bay pandemi an te tèlman solid, sa te fè plis moun ak biznis te vin tabli nan Miami-Dade – sa jenere kwasans ki te pote defi AK opòtinite.

Nou te mete baz la: pou nou te bay plis moun pi bon djob, revitalize ti biznis nou yo, ak lanse pouvwa inovasyon atravè sektè prive a ak gouvènman an. Sa ap kreye pi gran wout opòtinite pou tout moun.

Epi pandan de ane konsekitif, nou redui to taks pou li rive pi ba nan 40 ane.

Lè nou fè fas a yon tandans nasyonal vyolans ak zam ki ap grandi, nou te chanje direksyon an lè nou te lanse plan enpòtan Pè ak Pwosperite a, ke Komisyonè Hardemon te patwone. Investisman 20 ane sa a, \$90 milyon dola gen ladan yon seri pwogram rediksyon krim.

Byento, li te vin trè klè ke lojman te pi gwo defi a kwasans nou, alò mwen te deklare yon kriz abòdabilite nan mwa avril 2022.

Nou te touse manch nou – epi nou te kòmanse konstwi nouvo inite, fè renovasyon inite ki deja egziste, epi pwoteje lokatè yo atravè yon nouvo Biwo Militans pou Lojman – ede plis pase 26,000 fanmi rete lakay yo avèk diyite.

Nou te rive isit la jodi a paske nou te BRAV devan advèsite,
nou te djanm devan ensètitud, e nou pa t pe poze fondasyon pou lavni an.

Kounye a, avnii an rive, e li gen nouvo ekonomi an avèk li.

Mond lan ap gade nou - investi nan nou. Epi li trè klè pou w wè poukisa!

Miami-Dade jenere yon pwodwi enteryè brit anyèl ki prèske \$185 milya. Nan ane ki sot pase a sèlman, yo te kreye 6,000 NOUVO djòb.

Chomaj kounye a rive nan nivo ki PI BA 1.6 POUSAN, dèyè mwayèn Eta a ki se 3. Sa se mwatye!

Nou se kote biznis ap paweze.

E nou resevwa rekonesans pou sa. Depatman Komès Etazini te fèk nonmen Sid Florid kòm youn nan sèlman 31 SANT teknoloji nan peyi a, men tou se sèl sant ki konsantre sou klima.

Nou ap travay ansanm pou pote plizyè milyon dola pou biznis ak travay.

Mwen fyè dèske mwen genyen inivèsite nou yo ki fè pati Sant Teknoloji la aswè a – UM, FIU, FMU, ak MDC, ak lidè ki soti nan St Thomas ak Barry, nou pare pou akeyi ou nan ekip la! Tout moun, tanpri leve kanpe!

Nan nouvo ekonomi sa a, gouvènman konte a pral yon lidè nan amelyore mendèv anflèch nou an - pou konpayi ki ap grandi yo ka jwenn talan isit la, epi pèsonn pa rete dèyè.

Se pou sa nou ap investi nan pi gwo byen nou an, oumenm.

Nouvo Bousdetid Future Pare pou Lavni Miami Dade College asire ke tout rezidan konte ki nan bezwen gen opòtinite pou yo konplete yon diplòm san senk kòb.

Nou investi tou nan Code Path, ki ede etidyan tankou Sebastian Nunez, pare pou travay.

Depi li te jwenn diplòm syans enfòmatrik li, li triple revni li! Enkwayab! Sebastian ak ekip CodePath la, tanpri leve kanpe!

Nan mendèv konte a, nou pa jis pale, nou ap fè bagay yo mache.

Nou te travay avèk sendika nou yo pou reyalize pwoteksyon istorik epi ogmante estaj ak aprantisaj peye.

Epi nou ap ede ti biznis nou yo pwospere nan nouvo ekonomi an tou. Jiska dat, plis pase 10,000 te patisipe nan STRIVE305 pou fè biznis pi byen, grandi, ak inovè.

Nan tan ki ap vini, nou espere rive jwenn 75% nan tout ti biznis nan konte a an 2025. Etonan!

NOUVO ekonomi sa a mande inovasyon, kidonk nou ap chèche atravè glòb la. Ane pase, nou te lanse Miami-Dade Innovation Authority, e premye defi piblik li te chèche lide kreyatif pou retilize alg marin.

Aprè sa, yo ap chèche fason pou amelyore eksperyans pasaje yo nan Ayewopò Entènasyonal Miami.

Miami-Dade, n ap montre mond lan ke kwasans sa a se pa yon moman, men se yon mouvman.

Pou lidè biznis yo ki ap koute aswè a - Tanpri anboche anplwaye lokal. Fè patenarya ak lekòl nou yo. Investe nan nou. Se yon investisman nan avni nou.

Nou ladan pou lontan - ansanm. Nou ap bati pou jodi a e investi nan demen - pou asire ke jenerasyon ki ap vini yo va gen yon pi gwo opòtinite pou yo pwospere.

Epi se pou sa mwen kontan anpil pou m anonse m ap fè patenarya avèk Komisyonè Cohen Higgins sou yon pake bon pou nou prezante a noumenm, votè yo, novanm sa a. Sa va asire ke nou vrèman pare pou lavini.

Efò kolektif nou yo, ansanm avèk lidè lokal ak manm kominote kominotè yo, va bati sou konfyans piblik ou pou jwenn sipo pou yon inisyativ bon obligasyon responsab e ki la pou pwojè espesifik \$2.5 milya.

Li pral finanse defi ijan tankou lojman, septik pou egou, inondasyon, ak pak piblik nan chak kwen nan konte nou an. Apwòch istorik sa a va chavire tout foli nan tan pase yo epi bati pou tan kap vini.

E se pou sa inisyativ bon obligasyon nou an va rele 305 FUTURE READY!

Avni an va pi solid, pi an sekirite, e pi rezilytan pase tout tan anvan.

Yon rezon motivan pou anpil moun ak konpayi vin etabli isit la se paske nou an sekirite.

Krim vyolan bese, pandan rezolisyon krim ogmante.

Nou te prezanse metòd revolisyonè pou polisye travay, tankou Inite Repons nan Moman Kriz, ki reponn a ijans avèk yon pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans ansanm avèk ajan lapolis nou.

Nan prèske 800 apèl pou sèvis nan premye 6 mwa yo sèlman, ZEWÒ itilizasyon fòs. Gen kèk manm CRU ki isit la aswè a - tanpri leve kanpe!

Nou selebre tou retou inite patwouy ki a cheval depatman lapolis la, gras ak yon don jenere ki soti nan fondasyon fanmi Milton ak lidèchip Vis Prezidan Rodriguez.

Ansanm avèk 11yèm Sikui Jidisyè Florid ak sistèm Sante Jackson, konte a pral ouvri Sant Sante Mantal ak Rekiperasyon Miami ane sa a, gras a vizyon Jij Steve Leifman.

Sant lan pral sèvi moun ki soti nan prizon, lopital, ak lari nou yo, nan yon etablisman dènye modèl ak swen konplè e avèk konpasyon.

Gras ak travay di ekip koreksyon nou an, nou te vire depatman sa a pou reyalize konfòmite total avèk Depatman Lajistis Ameriken an pou premye fwa nan 10 ane.

Fason you kominote pwoteje moun ki pi vilnerab yo se yon vrè mezi konpasyon. Pa egzanp, nou ap pran swen granmoun aje nou yo atravè Fon Save Our Seniors. Pandan sezon fèt la, nou te voye lajan siplemantè bay pwopriyetè kay ki gen revni fèb pou ede yo ak depans ki ogmante yo.

Mwen te trè touche lè m te resevwa anpil nòt remèsiman sensè.

Gen yon granmoun aje te ekri sou fason chèk la te ede li satisfè bezwen esansyèl tankou achte pwovizyon. Yon lòt te fè m konnen ke chèk te pèmèt li fè reparasyon ki nesèsè nan kay li. Se pou sa nou fè sa nou fè a.

Sa depann de nou menm tou pou asire ke tout bèt kay ki nan chèltè nou an sekirite epi yo jwenn lanmou. Mwen te bay yon lòt \$2 milyon dola nan dènye bidjè konte a pou gen plis zanmi a pwal yo adopte, e chatre, ak esterilize. Mèsi, Komisyonè McGhee, ki te yon militan solid.

Avnii an pral pi an sekirite - epi li pral ofri plis opòtinite tou. Tankou opòtinite pou loje an sekirite.

Kriz lojman an toujou rive jwenn twòp moun, se pou sa nou ap ranfòse kay yo kont move tan, n ap ofri ipotèk, sèvis itilite, ak sekou evalyasyon espesyal kondò, epi n ap anpeche degèpisman tout kote sa posib.

Mèsi, Komisyonè Bastien, prezidan komite lojman nou an, pou lidèchip pasyone ou, ak Komisyonè Cabrera, paske w patwone pwogram pou moun ki ap achte kay premye fwa a fèb tarif ki pi ba pase tarif mache yo.

E nou ap konstwi plis lojman ke moun kapab peye, sa ap ogmante kantite a ki si nesèsè.

Pa ekzanp, nou te renove twa devlopman lojman piblik nan Little Havana epi nou triple kantite inite abòdab ak mendèv sou plas.

Gras a \$40 milyon ki soti nan HUD, nou pral revitalize lojman pou moun a revni fèb nan Goulds.

Nou ap sipòte òganizasyon san bi likratif tankou Casa Familia pou konstwi lojman pou granmoun ki gen andikap.

Epi The Homeless Trust te louvri Mia Casa, yon kominote pou granmoun aje ki bezwen lojman ki estab.

Nou sou bon wout, men nou poko fini. Nou p ap sispann jiskaske tout moun jwenn lojman an sekirite - paske lojman se yon dwa imen.

Avnii an pral gen mobilite pi entelijan tou.

Nou ap pran mezi serye sou pwomès ki transpò moun ap tan lontan. Sa gen sèlman 2 mwa, nou te lanse Rezo Meyè Otobis la!

Mèsi, Komisyonè Higgins, yon vrè chanpyon transpò piblik. Plan an ofri plis wout, ki pase pi souvan, pou plis moun. Nouvo otobis ki fèt selon gou Kominote sa a prèske 40 ane imobilite ap pi byen konekte ou soti nan pwen A rive nan pwen B - pou ale nan opòtinite.

Anyen nan sa yo pa t ap posib san angajman fèm - ak vrè motivasyon - operatè bis nou yo!

Tankou Lidia Reyes, yon manman twa pitit ki te simonte plizyè ane lit. Atravè fòmasyon nou an, ak sipò òganizasyon san bi likratif lokal tankou Lotus House, chèltè kote li t ap viv, Lidia te vin yon operatè otobis pandan ete sa a. Felisitasyon Lidia!! Tanpri leve kanpe!

Kounye a, nou ap depase nivo pasaje transpò piblik anvan pandemi an, epi nou ap finanse pati konte a nan tout 5 koridò priyorite nan pwogram SMART la.

South Dade Transit Way, ki konekte Homestead ak Dadeland, pral fini ane sa a, epi li pral vante tèt li ak sèlman 100% flòt transpò rapid otobis elektrik nan mond lan!

Nou ap travay pou reyalize koridò nòdès la, ki konekte anba lavil Miami ak Aventura avèk arè nan katye yo nan mitan pakou a. Nou fèk resevwa apwobasyon federal anviwònmantal la!

Mèsi a lidèchip Prezidan Gilbert – nou sou wout pou n akonpli Koridò Nò ki te pwomèt depi lontan an tou.

E ou tande sa? Tri-Rail rive kounye a anba lavil, ak Brightline ale Orlando!

Atravè militans san rete, administrasyon mwen an retire plis pase 1 milya dola pou enfrastrikti federal ak Eta.

Nou ap fè envèstisman inik na lavni, tankou amelyore sekirite pou bisiklèt ak pyeton, restore Everglades, ak ranfòse pò klas mondyal nou yo.

MIA se youn nan ayewopò ki pi rapid yo nan peyi a – li espere rive nan 77 milyon pasaje vè 2040, plis pase yon rekò 52 milyon dola jounen jodi a.

Motè ekonomik pisan sa a te gen defi pa li, men m ap korije sa. Se te yon ane san parey pou kantite pasaje ak amelyorasyon kapital, soti nan asansè ak èskalye woulan rive nan pasaj a pyeton ak twati.

Investisman istoric \$7 milya ak \$1.7 milya antretyen sa a ap transfòme MIA an yon destinasyon ki pare pou lavni - modènize ayewopò nou an soti nan kabin rive nan twotwa a epi konstwi yon nouvo pakin enteryè ak otèl.

Port Miami ap selebre tou ane kwazyè pi aktif li!

Ak investisman federal gras a Sekretè Pete, ki te vizite nou an Oktòb, nou ap redui emisyon yo, nou ap pi byen jere dlo lapli, epi nou ap kreye travay ki byen peye pou lavni.

Nan mitan ane sa a, 5 tèminal sou 10 pral konekte nan kouran rivaj ki pi trankil e pwòp.

Okenn nan sa a ta posib san sante finansyè solid.

Konte a toujou reyalize evalyasyon bon obligasyon, ki pèmèt nou kontinye bati pi byen, jodi a ak demen.

Felisitasyon pou ekip enkwayab finans, bidjè, ak odit nou yo paske yo te bon jeran lajan kontribyab yo – epi yo toujou jwenn fason pou kreye efikasite ak ekonomi.

Epi finalman, lavni pral pi rezilyan.

Isit la nan paradi, nich ant dlo ble Biscayne Bay ak Rivyè zèb Everglades, nou konnen ke bati yon avni rezilyan an fas chanjman klima a pral pran aksyon serye.

Nou vin yon lidè pou tout basen Karayib la ak mond lan.

Ofisye Chèf Chalè nou an, premye nan mond lan, te travay di pandan ete ki pi cho depi yo ap anrejistre tanperati. Nou enstale klimatizè nan lojman piblik, aktive sit refwadisman, epi bay fòmasyon sante nan tan chalè.

Li esansyèl pou nou pwoteje bèl Biscayne Bay, yon trezò natirèl ki jenere \$64 milya dola enpak ekonomik.

Investi nan rezilyans fè nou ekonomize lajan tou. FEMA fèk reklasifye Konte Miami-Dade nan yon klas 3 nan Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon!

Sa a vini ak yon gwo rekonpans.

Pwopriyetè kay ak biznis ki nan Miami-Dade ki pa enkòpore pral resevwa 35% rabè sou asirans inondasyon!

Sa vle di plis lajan ap tounen nan pòch pèp la, ak redwi risk inondasyon, gras a ekspè konte nou yo.

Mèsi, Komisyone Steinberg, paske w te tèlman pwoaktif nan abòde kesyon inondasyon an nan distri w la.

Pami efò zewo dechè nou yo, nou ap planifye pou yon kanpis dirab dechè epi eksplòre rediksyon dechè a ak resiklaj amelyore. Mèsi, Komisyone Bermudez, pou patenarya solid ou.

Ak atravè Connect2Protect, nou ap konvèti septik an egou atravè konte a. Mèsi, Komisyone Regalado, yon gwo militan.

Depatman Dlo ak Egou nou an ap sipèvize koneksyon 11,000 pwopriyete ak pi gwo pwojè enfrastrikti nan istwa Florid.

Nou fèk lanse yon twazyèm gwo enstalasyon solè sou yon bilding konte, ekonomize lajan ak enèji.

Epi ou ka maksimize efikasite enèji bilding ou an tou, atravè Building Efficiency 305 Challenge nou an. Vin jpatisipe avèk nou!

Nou ap vin pi pre chak jou nan objektif sa a nan 30 pousan kouvèti vejetal. 26,000 pye bwa deja plante depi mwen te antre an fonksyon- epi ou kapab ede nou plante plizyè milye anplis atravè Pwogram Adopte yon Pyebwa nou an!

Kriz klimatik la se se yon kriz mondyal, men solisyon yo dwe lokal. Nou ap devlope anpil bò isit la, pandan nou ap chèche tou nan rès mond lan plis inovasyon pou pote lakay nou.

Nou te modle pwòp Otorite Inovasyon nou an sou peyi Izrayèl, apre premye misyon komès mwen te fè la.

Aprè sa, dènyèman mwen te ale Japon, kote nou te fè pwomosyon pou biznis lokal yo ak wè inovasyon dènye kri nan transpò, jesyon ijans, ak jesyon fatra. Kounye a, nou ap kontinye konvèsasyon an, mete baz pou yon vòl dirèk nan Tokyo ak renouvle lyen ak pò a nan Yokohama.

Atravè Miami-Dade, soti nan mangrov larivyè Oleta rive nan fèm Redland, soti nan nouvo devlopman nan Doral rive nan distri art deco nan Miami Beach...

Nou ap bati yon nouvo avni brav e solid. Ansanm. Jodi a.

Opinyon ou toujou enpòtan. Nou tande apèl ou yo pou plis aksè a sèvis konte yo.

Se pou sa mwen te lanse refòm mwen an No Wrong Door', ogmante konfyans ou. No Wrong Door vle di ke kèlkeswa moun ou rele nan Gouvènman Konte, nou ap jwenn sa ou bezwen an pou ou.

Epi li fonksyone avèk nouvo ekip angajman ak sèvis rezidan nou yo, ki vin tounen men ak kè gouvènman konte a. Mèsi, Komisyone Gonzalez, paske w fè patenarya pou w ouvri yon sant No Wrong Door nan distri w la.

Ansanm nou ap konstwi kilti kouraj nou bezwen pou nou vwayaje nan wout la.

Nou ap antre nan yon nouvo chapit trè pwometè, abòde defi nou yo tèt dwat – pou pitit nou ak pitit pitit nou, tankou nouvo pitit pitit mwen Leila, kapab jwi pi gwo opòtinite.

Pandan nou ap gade devan, Miami-Dade, nou dwe kontinye gen kouraj. Nou te toujou prezante you pou lot e nou dwe fè sa kounye a.

Atravè yon pandemi ak nan moman difisil ki te vini avèk li, atravè trajedi ak triyonf,

OU te brav. ou te prezante.

Se pou sa mwen telman fyè de ou, e konsa mwen renmen kominote sa a.

Moun toujou di mwen: 'Ou toupatou!' E, se vre!

Se pou lajwa, enèji, ak ide li ban mwen ke mwen prezante pou ou.

Li apwofondi motivasyon mwen te toujou genyen an – pou mwen fè yon diferans nan lavi moun ak nan lavni kominote nou.

Se sa mwen te travay pou mwen fè tout lavi mwen. Epi kòm majistra ou, m ap kontinye travay jou apre jou pou mwen prezante pou ou.

Nou se plas lavni.

Nou gen kouraj pou nou we li.

Epi nou te fè travay la pou nou li.

Miami-Dade ap grandi - ann kontinye vansè!

A òganizasyon san bi likratif yo, biznis yo, ak patnè ki ladan avèk nou, mèsè.

Mèsè a 13 komisyone konte nou yo, ki nan sèvis kominote yo avèk mwen chak jou.

A 34 bèl vil nou yo, anpil nan yo reprezante isit la aswè a, mèsè.

A mendèv konte nou an ki gen prèske 30,000 moun, ki bay ekselan sèvis piblik chak jou, mèsè.

Epi oumenm, rezidan nou yo, mèsè dèske w te fè m konfyans avèk onè tout yon vi.

Se akòz konfyans sa a, akòz travay ekip sa a, e akòz gran kouraj ou, mwen kapab deklare ak konfyans - eta konte nou solid!

Ke Bondye beni nou tout, e ke Bondye kontinye beni Konte Miami-Dade.